

Kimyoterapi pou Kansè

Chemotherapy for Cancer – Haitian Creole

Kimyoterapi oswa “kimyo” se tretman ki gen medikaman pisan ki kapab touye selil kansè yo. Doktè itilize kimyo pou trete anpil kalite kansè, men se pa tout moun ki gen kansè k ap resevwa kimyo.



Kijan kimyo travay?

Kimyo travay lè li domaje selil kansè yo epi eseye touye yo. Li domaje tou kèk selil nòmal ki an sante. Se paske kimyo pa kapab toujou endike diferans ki genyen ant yon selil nòmal ak yon selil kansè. Men, anjeneral selil nòmal yo vin pi bon oswa yo ranplase avèk nouvo selil ki an sante apre yon kantite tan.




Kijan doktè bay kimyo?

Doktè bay anpil kalite kimyo kòm yon enjeksyon lan nan yon liy yo mete nan yon venn. Doktè kapab bay lòt kalite kimyo yo kòm yon piki oswa enjeksyon oswa pasyan an kapab pran yo kòm yon grenn. Kimyo kapab se sèl tretman ki nesès pou kèk kansè. Oswa, pafwa doktè kapab bay li avèk lòt tretman tankou operasyon radyasyon, terapi òmòn, terapi sible oswa imino-terapi.



Ki kote moun ale pou yo resevwa kimyo?

Doktè bay kimyo souvan nan yon klinik pasyan deyò oswa nan yon sant tretman. Pou kèk tretman avèk kimyo, yon moun ta ka bezwen rete nan lopital pou yon jou oswa plis. Se sèlman sèten kalite kimyo pasyan yo kapab pran lakay yo.



Konbyen fwa yo bay chimyo ak konbyen tan li dire?

Paske tretman chak moun diferan, kantite fwa doktè bay tretman an ak kantite tan tretman an dire kapab diferan tou.

Doktè bay kimyo souvan an sik. Sa vle di pasyan an resevwa kimyo a epi li pran yon peryòd tan pou repoze. Peryòd repo a ap pèmèt kò a vin soulaje nan efè segondè yo anvan pwochen tretman an dwe fèt.

Pa egzanp, doktè a ta ka bay pasyan an kimyo a pou yon jou oswa plis pandan yon semèn. ki vini apre dezoutwa semèn repo. Kantite jou oswa semèn yon sik dire kapab diferan epi li kapab depannde kalite kimyo doktè a bay pasyan an. Kantite sik kimyo doktè a bay yo kapab diferan tou.



Fason pou pare pou resevwa kimyo

Si kimyo se pati nan tretman ou, pale avèk ekip pwofesyonèl swen sante ou konsènan sa pou espere. Sa ap ede ou planifye pou Chanjman nan orè travay ou oswa fanmi ou si li nesès.



Efè segondè kimyo

Kimyo domaje kèk nan selil nòmal yo ki an sante, sa ki kapab lakòz efè segondè. Paske efè segondè yo depannde ki kimyo doktè a bay, tout moun ki resevwa kimyo p ap gen menm efè segondè. Ta ka gen kèk efè segondè pandan oswa touswit apre ou resevwa kimyo, alòske ou ta ka gen efè segondè yo apre kèk jou, semèn, mwa, oswa ane apre tretman an.

Kèk efè segondè ap vini avèk:

- Kèplen oswa vomisman
- Cheve k ap tonbe
- Dyare oswa konstipasyon
- Sansasyon feblès oswa fatig
- Lafyèw oswa frison
- Fèb kantite globil san ki ta ka mete ou arisk anpil pou gen enfeksyon, oswa senyman
- Chanjman nan gou oswa apeti
- Pwoblèm nan po
- Doulè nan bouch oswa blesi nan bouch
- Lòt pwoblèm selon kalite kimyo ou resevwa a.

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè,
èd jou-apre-jou ak sipò, rele
American Cancer Society nan nimewo
1-800-227-2345 oswa ale sou sitwèb
nou nan **cancer.org/chemotherapy**.
Nou la lè ou bezwen nou.



Kesyon pou poze

Men kèk kesyon ou kapab poze doktè ou ak ekip swen sante ou:

- Ki medikaman kimyo mwen pral resevwa?
- Konbyen fwa mwen pral resevwa tretman an?
- Èske mwen pral jwenn peryòd repo ant sik tretman an?
- Ki kantite tan tretman mwen pral dire?
- Ki kote mwen prale pou resevwa tretman mwen?
- Èske mwen kapab kondi oto pou mwen vini nan tretman an?
- Èske mwen pral bezwen lòt kalite tretman?
- Ki efè segondè mwen kapab genyen?
- Kijan mwen pral kontwòle efè segondè mwen yo epi kisa mwen kapab fè konsènan yo?
- Èske mwen kapab kontinye pran lòt medikaman oswa siplaman mwen yo pandan tretman an?
- Èske asirans mwen pral peye pou tretman mwen? Ki kantite lajan mwen pral gen pou peye?
- Èske mwen pral kapab travay ak fè aktivite regilye mwen yo pandan tretman mwen?
- Kisa mwen kapab fè pou pran swen tèt mwen pandan tretman an?
- Èske gen nenpòt bagay espesyal mwen bezwen fè pou pwoteje tèt mwen ak lòt moun pandan m ap resevwa tretman an?
- Kilè mwen ta dwe rele doktè a oswa enfimyè a?

